ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№111 (24.081) ● 2020 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 17, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм иригъэкІуэкІащ республикэм и муниципалитетхэм я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэ

КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ. Абы хэтащ КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТІ., КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуныжь М. А., республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч А. Хь., транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ министр Дыщэкі А. З.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ дызэрыт илъэсым, апхуэдэуи 2024 гъэ пщІондэ социальнэ Іэзэпщ1ащІэхэр, гъэзэгухэр ухуэным, жьы хуэахэр сыткІи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыным ехьэлІа Іузкухэм.

КЪБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм кІыззратамкІэ, къэрал, щІыналъэ, муниципальнэ бюджетхэм къызэрыІэ 2020 гъэм ирагъэкІуэкІыну ухуэныгъэхэм хухахар сом мелард 1,8-рэ мэхъу.

Къапщтэмэ, «Демографие» лъэпкъ проектым хыхьэу физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексу плЫ Щхьэлыкъуэ, Бахъсэн къалэ округым щащІыну вубзыхуащ, апхуэдэуи ялъэ ныбжьым ит цІыкІуэхэм хуауухуэнущ блок 29-рэ. Мы зэманым ирихьэлІэу и ІофлъэгъэкІащ школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм хуащ блок 11-р, къэна 18-р ягъэувэ пІалъэм къриубыдэу илъэсым и кІэм ятыну я мурадщ.

Жылэхэр зэІузэпщ щІыным хуэунэтІа къалэнхэм япкъ иткІэ Къулъкъужьи Ипщэ, Арэуан, Псынщокъуэ, Дзэлыкъуэдзэ къуажэхэм, Майскэ къалэм дзсхэр псыкІэ къызэгъэпэщыным хуэлэжьэну объектэ 5 ятащ. И кІэм нагъэблэгъащ псы зэрыкІуэну бжьамийуэ дзПъэхьэным хуэгъэзэуэ Солдатскэ станицэмрэ Шэджэм Ищхъэрэ къуажэмрэ щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр, апхуэдэуи Зеикъуэ къуажэм щаукъуэдий газ кІуэпІэр. Ухуэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ Майскэ къалэм къагъэсэбэпа псыр къызэрядашыну щІэжьпІэ щыщІыныр.

Налшык къалэ округым хыхьэ «Нарт» хьэблэр псыкІэ къызэгъэпщынкІэ, фІеипсыр Іушынкр яубзыхуащ УФ-м исхэм псэупІэ зэпщ ялэнымрэ коммунальнэ Іэхутхъэбзэкэр тэмэму яхуэщІэнымрэ теухуа, 2020 гъэм тещІыхьа къэрал программэм хыхьэу. Проектым къызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, жылэм щыдалъхьэнущ псы къабзэ зэрыкІэнру бжьамийуэ километр 26-м щІигъу, канализацэу километр 19,2-рэ. Абы папщІэ псы къыщІэшыпІитІ яубруунущ икІи кубометр 1000 зэрыхуэну хъуманІэхэр ягъэувынущ.

КъимыдэкІэ, къэрал бюджетым сом мелуани 119,5-рэ щыхухахащ, 2015 гъэм зэрагъэпэщыжьын зыщІадза Балъкъэр къэрал драмэ театрым а лъжьыгъэхэр щызэфІэгъэкІыным трагъэкІуэдзну. Абы теухуауэ УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм иращІылІа зэгурыІуэныгъэм Іэ традзащ фокІадэм и 7-м. Унэр зэгъэпэщыжьнымрэ Іэмэпсымэхэр къеШэлІэнымрэ хуэунэтІа лъжьыгъэхэр щІэгъэхуэбжьэным яужь итщ. А Іуэхум зэпымыуэ и нэІэ тетщ КЪБР-м и Правительствэм.

КЪБР-м Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, Гъэзэгу зэрагъэпэщыжар 2020 гъэм и кІэм ирихьэлІэу километр 231-рэ хуэдизу хъунущ, абыхэм хыхьэу километр 73-м къэрал, километри 103-м щІыналъэ, километр 54-м щІыпІэ мыхьэнэ яІэу.

«Къэлэм ущыпсэуну тынш щІыныр» щІыналъэ проектым хыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыху зэхуэсыпІэ 34-рэ, пщІантІэу 122-рэ зыхуей щыхуагъэзэну я мурадщ. Мы зэманым ирихьэлІэу и ПІалъэр къэмысу а лъжьыгъэхэр щызэфІагъэкІащ пщІантІэ 64-мрэ жылагъуэ зэхуэсыпІэ 20-мрэ.

Бахъсэн къалэ округым щоКІуэкІ парк нэхъыщхьэр зэІузэпэщ щІыным хуэунэтІа лъжьыгъэхэр. Ар щыткІуэкІ щытащ къалэр ущыпсэуну тынш щІыным тегъэпсыхьа Іузкухэр зи лъабжьэ проектэ нэхъыфІхэр гъэхъэзырыным хуэунэтІауэ 2019 гъэм екІуэкІа Урысейпсо я зэпеуэм и «Къалэ мыинхэр» Іыхьэм. Абы папщІэ къалэм саугъэту сом мелуан 85-рэ къыхуаутІыпщауэ щытащ. Мы зэманым ирихьэлІэу объектым и процент 94-р хьэзыр ящІакІэ. Иджыпсту щІыпІэм щхъуантІагъэхэр щыхасэ, зэІузэпэщ лъжьыгъэхэр щоКІуэкІ.

«Шэджэм-парк» проектыр пхигъэкІри, 2020 гъэм а зэпеуэ дыдэм щытекІуащ Шэджэм къалэр. Бюджет зэхуаку мылъкуу Шэджэм къыхуатІыпщынуц сом мелуан 50.

«Муниципальнэ сыхьэтым» хыхьэу щхьэхуэу хэпІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмрэ ящхьэлІа Іэхуэхуэу нэхъ пасэу пщэрылъ ящищІакъэр зэрагъэзащІэм, апхуэдэуи къагъэсэбэпа энергоресурсхэм я пщІэр зэрат щІыкІэм.

ЗэІущІэм къыщІэта Іэхуэхэр зэпкъраныу къэпсэлъащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуныжь М. А., ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр Бэрбэч А. Хь., транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ министр Дыщэкі А. З.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

КІуэкІуэ Казбек я1ущІащ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - ди зэхуэдэ унэщ» щІыналъэхэм зэдай зэхуэсым хэтхэм

Тырныауэ къалэм фокІадэм и 15-м къыщызэІуахащ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - ди зэхуэдэ унэщ» щІыналъэхэм зэдай зэхуэсыр. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

«ЗЭХУЭДЭУ зэпсэлъэн» мардэм тету къэпщІакІуэхэмрэ щызэдауэ щІыпІилІым щыІэ цІыху щитІым щІигъумрэ - абы-хэм яхэтащ нэхъыжьыфІхэр, депутатхэр, къэрал властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ я лІыкІуэхэр, жылагъуэ, дин, щІэныгъэ лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр, къыщІэнэмыщІауэ, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэр - тепсэлъыхьащ щІыналъэм и тхыдэмрэ нобэмрэ, лъэпкъымрэ урысейпсо зэхэщІыкІымрэ зэрызэпхам, дин, лъэпкъ зэхущытыкІэхэм, граждан жылагъуэм, политикэ, щІалэгъуалэ институтхэм зегъэужьынымрэ ахэр зэкъуэгъуэвнымрэ.

Къызэхуэсахэм фІэхъус псаолъэкІэ защыхуигъазэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІым къыхигъэщащ мыпхуэдэ зэІущІэхэр КъБР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щирикъум ирихьэлІэу егъэкІуэкІыным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. «Ар ІэмалыфІщ дызэхуэсын, ди тхыдэ лъэщыр, а къэралыгъуэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа, республикэм и лъэпкъхэр зэгъусэу зэдэпсэуныр кьезыгъэжьа ди нэхъыжьыфІхэр дигу къэдгъэкІыжьын папщІэ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

КЪБР-м и Іэтащхьэм щІыналъэхэм я унафэщІхэр къыхуриджащ я Іэзэгъэшхэр щІалэгъуалэм ядэгуашэну, республикэр къызэрызэрагъэпэщам и мыхьэнэр, щІэблэ узынщэ къэгъэхъуным, зэныбжьэгъуным, Къэбэрдей-Балъкъэрыр и тхыдэм кърИубыдэу зыІуа гугъехьхэр зэгъусэу къызэнэкІыным, мамырэ зэгурыІуэу зэдэпсэуным я фІагъыр къыгурагъэІуэну. «Дэ щІэблэ телъыджэ къытщІохьуэ, дэ ди куэдщ абыхэм яжетІэн. Хэти ещІэ, зэІузэпэщІныгъэр щытепщэр зэкъуэтыныгъэ, зэщІэгъэкъэныгъэ, зэгурыІуэныгъэ зэдащІэрщ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэм.

ЩІэблэм я щапхъэ нэхъыфІу республикэм и Іэтащхьэм жиІащ, псалъэ къудейкІэ мыхьуу, дуней тетыкІэрэ ІуэхугъуэфіхэмкІэ къызыхэкІа унагъэри лъэпкъри зыгъэлъапІэ ди нэхъыжьыфІхэр.

Лъэпкъ, дин зыщІыхьэныгъэхэр къызэнэкІа зэрыхъуну щыкІэм щытепсэлъыхьа, КІуэкІуэ Казбек гу лъаригъэтащ ди республикэм абыхэм зы лъабжьи зыщащамІэр. Къэйгъэхэр нэгъэщІ щыпІэхэм къоІ. А Іуэхугъуэм мызэ-мытІэу я гугъу ищІащ Урысей Федерацэм и Президентми. Дэ дызытет лъапІагъэхэр тхуахъуэжьну хэтщ. Абы къыхэкІыу щІыналъэм и власти и Іэнатіэхэм яхуэзфІэкІ поэзи ирахьэлІэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мыхьэнэм хагъэхъуэн, ар зэщІэгъэгъэн папщІэ.

И къэпсэлъэныгъэм и кІэухым КІуэкІуэ Казбек хъуэхъуащ зэхуэсым хэтхэм лъжьыгъэфІ яІэну, республикэм щыпсэухэр мамырыгъэ, зэгурыІуэныгъэ, зэкъуэтыныгъэ, зэІузэпэщІныгъэ щымыщІэну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Иджыри куэдкІэ дыпщогугъ

● Хъуэхъу

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиер къызэрызэрагъэпэщрэ абы гуащІафІэу холэжьыхь зи ныбжьыр нобэ илъэс 80 ирикъу нэхъыжь Іумахуэ БакІуу Хъанджэрий Ильяс и къуэр.

«БЗУР ЗЫІЭТЫР и дамэщи, цІыхур зыІэтыр и акъылщ», жеІэ адыгэ псалъэжьым. Хъанджэрий щІэныгъэм и щыгум зыІэтари, цІыхухэм я деж щІэ Іулыджым и лъабжьэри и губзыгъагъэрщ, и гуащІэрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым адыгэ литературэмкІэ и кІудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщхьэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик БакІуу Хъанджэрий и цІэр фІыкІэ щыІуащ Урысей Федерацэм и мыгакъуэу, ди лъэпкъыгъэр щыпсэу хэкухэми. И лэжьыгъэфІым къыпэкІуэу ар мызэ-мытІэу ягъэлъэпІащ. БакІуум къыхуагъэфэщащ КъШР-м, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ пщІэ зиІэ и лэжьакІуэ цІэ лъапІэхэр, Къандурым и цІэр зезыхьэ саугъэтыр, нэгъуэщІ куэди.

Хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, къытщІэхъуэ щІэблэр егъэджэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа лъэпкъыпІ щыпкъэм си щхьэкІи, �щІДАА-м хэтхэм я цІэкІи сехъуэхъуу и махуэ лъапІэм мыпхуэдэу зыхуэзгъэзэну сыхуейщ: «ПщІэ зыхуэтщІ Хъанджэрий Ильяс и къуэ! Уузыншэу, Іуэхуфіхэр къыбдэхъуу упсэуну, иджыри илъэс куэдкІэ лъэпкъым ухуэлэжьэну ди гуапэщ. Уи хъуэпсапІэхэр къохъулІэну, лъагапІэщІэхэм унэсыну Тхьэм жиІэ! ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием къыбгъэдэкІыу нобэ пхуэдэсфащэ ЩІыпІэ тхыльыр уи зэфІэкІым къыхуащІа къэрал гулъытэхэм, щІэ Іыпапізэм ягумыдзыхьу зэрызепхъуными шэч къытетхьэркъым».

КЪАНОКЪУЭ Арсен,
ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президент, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор.

Нобэрэ пщэдейрэ

Фокіадэм и 17, *махуэку*

♦Сымаджэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и дунейпсо махуэщ

♦Брянскэ областыр нэмыцэ-фашист зэрырихьуэкІуэхэм къыщІэщІагъэкІыжа махуэщ

♦США-м и конституцэмрэ и гражданствэмрэ я махуэщ. 1787 гъэм США-м и конституцэр къащтащ.

♦Болгарие Республикэм и къалащхьэ Софие и махуэщ

♦1630 гъэм Америкэ Ищхъэрэм и къуэкІыпІэ хы Іуфэм дек Бостон къалэм и лъабжьэр щагъэтІылъащ Инджылызым и Бостон къалэм иІэпхъуакІахэм.

♦1922 гъэм Берлин дунейм щыяпэу щагъэлъэгъащ макъ зыщІэт фильмыр.

♦1922 гъэм Урысейм щыяпэу радиокІэ концерт къатащ. Апхуэдэу лэжьэн щІидзауэ щытащ «Москва и радиом».

♦1932 гъэм СССР-м и ЦИК-м и Президиумым, Горький Максим къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткІэ, унафэ къащтащ Литературэ институт къызэгъэпэщыным теухуауэ. 1946 гъэм а еджапІэ нэхъыщхьэм Горький Максим и цІэр фІащащ.

♦1941 гъэм СССР-м унафэ къащащтащ къэралым щыпсэу псори дзэ Іуэхуэм Іэмал имыІэу хуегъэджэным теухуауэ.

♦1941 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ къащтащ республикэм щыщу цІыху 450-рэ Дзэ ПлъыжьыМ и десантыдзэм игъэкІуэну.

♦1988 гъэм Корее Ипщэм и къалащхьэ Сеул къащыдзэІуахащ XXIV гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр фокІадэм и 17 - жэпуэгъуэм и 2-хэм екІуэкІащ. Медаль нэхъыбэ дыдэ кьихьри, СССР-м и команд кьыхэхам абыхэм ящ ЮвыпІэр щиубыдауэ щытащ.

♦1991 гъэм Латвиер, Литвар, Эстониер, КНДР-р, Корее Ипщэр ООН-м хагъэхьащ.

♦Урыс дохутыр-терапевт цІэрыІуэ, профессор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Боткин Сергей** къызэрыІуэрэ илъэси 188-рэ ирокъу.

♦Совет еджагъэшхуэ, къэхутакІуэ, космонавтикэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа **Циолковский Константин** къызэрыІуэрэ илъэси 163-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, КІыщокъуэхэ Радищрэ Алимрэ я адэ **КІыщокъуэ Пщымахуэ** къызэрыІуэрэ илъэси 143-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, кинорежиссёр, сценарийкэр зытх, УФ-м и цІыхубэ артист, «Оскар» саугъэтыр зи фильмым къыхуагъэфэща **Меньшов Владимир** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **БакІуу Хъанджэрий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Ачмыжь Мариет** (АР) къыщалъхуа махуэщ.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым зэрыщІагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэныжьыкІэ и кІудамэм и унафэщІ, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **Щхьэщэмыщ1 Иэз** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей хоккеист, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, дунейм щэнёрэ и чемпион **Овечкин Александр** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

Фокіадэм и 18, *мэрем*

♦Псым и фІагъыр къэпщытэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и секретарым и махуэщ

♦Азербайджаным и лъэпкъ макъамэм и махуэщ

♦Армением щагъэлъапІэ астрономием и махуэр

♦Ираным щагъэлъапІэ къэжэр литературэмрэ усыгъэмрэ я махуэр

♦1810 гъэм хэІущІыУ ящІащ Чилир Испанием зэрыхэмытыжьр, ар къэрал щхьэхуитУ зэрыщытыр.

♦1793 гъэм США-м и президент Вашингтон Джордж къэралым и Конгрессым и унэ Капитолийм и лъабжьэр игъэтІылъащ.

♦1929 гъэм СССР-м япэ комбайнхэр, «Коммунар» зыфІащахэр, къыщыщІагъэкІыу щІадзащ.

♦1934 гъэм СССР-р Лъэпкъхэм я Лигэм хыхьащ.

♦1947 гъэм США-м ЦРУ-р (тІасхъэщІэх управленэ нэхъыщхьэр) къыщызэрагъэпэщащ.

♦1954 гъэм лажьэу яутІыпщащ Камэ псым тращІыхьа ГЭС-р.

♦1991 гъэм Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм унафэ къащтащ щІыхь-гъуэжьыфэу зэгуэІэ ныпІэ я къэралым и бэракъуэ зэрыщытым тезгъуэуэ.

♦Шэрджэс тхакІуэ **Хьэбэчыр БетІал** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Совет къхъулъатэзэхуэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Талалихин Виктор** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Совет космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и ЛІыхъужь **Рукавишников Николай** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ артисткэ **Мэшыкъуэ Феня** къыщалъхуа махуэщ.

♦Оперрэ уэрэджьыІакІуэ, Урысейм и цІыхубэ артист-кэ **Нетребкэ Анна** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ДЖАТОКЪУЭ Марьянэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зи бзэ хуимытыжыр и бзэ токІуэдэж.

Анэ мылъкум хохъуэ

УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1анІэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, 2021 гъэм анэ мылъкум проценти 3,7-кІэ хэхъуэнущ.

АПХУЭДЭУ япэ сабийр зыгъуэтахэм сом 483 882-рэ, етІуанэ зиІэхэм сом 639 432-рэ иратынущ. Анэ мылъкур нэхъапэкІэ зыІэрихьа унагъуэхэм етІуанэ сабийр къахэхъуамэ, абыхэм кьаІэрихьэнур соми 155 550-рэщ.

Фигу къэдгъэкІыжьнщи, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир ГъатхэпэМ и 1-м анэ мылъку программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьауэ щытащ. Апхуэдэу программэр 2026 гъэ пщІондэ лэжьэнущ, къыщыщІэмыщІауэ, ахъшэр ирату щІадзащ 2020 гъэм и щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ япэ сабийр зыгъуэта унагъуэхэм. 2021 гъэм анэ мылъкум псори зэхэту хухахащ мелард 443,3-р.

УФ-м и Пенсэ фондым зэрыжиІэмкІэ, нэхъыбэу унагъуэхэм анэ мылъкур зытрагъэкІуадэр я псэукІэр егъэфІэкІуэныщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩ1 Иэз.

Налшык щызэхуос узыфэ зэрыщІалэхэр зыпкърытхэр гъэхъуэжьныр зи Іэщ1агъэ дохутыр пажэхэу Москвэрэ КИФЩІ-мрэ щыщхэр

Фокіадэм и 18-м Налшык щызэхэтынущ «Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэхэм я узыфэ зэрыщІалэхэм я ІэныкъуэкІэ щыІэ щытыкІэм ехьэлІа зи чэзу Іуэхуэхр» зыфІаща VII щІэныгъэ-практикэ конференцыр.

АБЫ ХЭТЫНУЩ Сеченов И. М. и цІэр зэрихьэу Москва дэт япэ къэрал медицинэ университетым, УФ-м и «Роспотребнадзор»-м эпидемиологиемкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институт нэхъыщхьэм, Ломоносов М. В. и цІэр зезыхьэ МкъУ-м и медицинэ щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым реанимацэмрэ интенсивнэ терапиемкІэ и кІудамэм я дохутыр-инфекционистхэр, апхуэдэуи Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щІыналъэхэм узыфэ зэрыщІалэхэр зыпкърытхэр гъэхъужьныкІэ я Іэщ1агъэлІ пажэхэр.

Конференцым щызэхэхьанущ узыфэ зэрыщІалэ щынагъуэхэм щапщІэт госпиталхэм я лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкІэр, коронавирус узыфэ зэрыщІалэр зэуэлІахэр гъэхъужьным и пІалъэкІи щызэхъуэжьнущ.

«ЩІэуэ кьежьа COVID-19 коронавирус узыфэ зэрыщІалэм и пандемиер. Урысейм абы кьыхиха япэ дерсхэр» лекцэм къеджэнущ Урысейм Узыншагъэр хъумэныжькІэ и министерствэм штатым хэмыт и инфекционист нэхъыщхьэ, Сеченов И. М. и цІэр зэрихьэу Москва дэт япэ къэрал медицинэ университетым и медико-профилактикэ факультетым узыфэ зэрыщІалэхэмкІэ и кафедрэм и профессор, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Чуланов Владимир.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэсибл хъуауэ щытщ КИФЩІ-м и инфекционистхэм конференцэр щрагъэжьауэ щІыпІэу. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и инфекционист нэхъыщхьэ, СПИД-мрэ узыфэ зэрыщІалэхэмрэ ебэныныжькІэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ, профессор Иуан Маринэ зэрыжьиламкІэ, щыІэ эпидемиологие щытыкІэр къэпытауэ, Налшык щІэныгъэ-профилактикэ конференц зэрыщрагъэжьауэкІыр икІи ужь Іуэхуфіщ. Ар сэбэп хъунущ республикэм и Іэщ1агъэлІхэр щІэуэ кьежьа коронавирус узыфэ зэрыщІалэм пэщІэтыным нэхъыфІу хуэгъэхьэзырыныжькІэ, къэралым и дохутыр нэхъ Іэзэ дыдэхэм я чэнджэщхэм уедэІуэнри икъукІэ щхьэпэщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр Пагуэ Ж. А. етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

И Іэщ1агъэм зэрыхуэІэзэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр етын **Пагуэ Жыраслъэн Ахьмэд и къуэм** - Щ1эхуакІуэхэмрэ цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным кІэлъыплъ Федеральнэ Іуэхущ1анІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм фокІадэм и 14-м
№119-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжькІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр Хьэцыкіу М. М. фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

И Іэщ1агъэм зэрыхуэІэзэмрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжькІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Хьэцыкіу Мадинэт Мухьэмэд и пхъум** - Щ1эхуакІуэхэмрэ цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным кІэлъыплъ Федеральнэ Іуэхущ1анІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм эпидемиологие кІэлъыплъныныгъэмкІэ и кІудамэм и унафэщым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм фокІадэм и 14-м
№120-УГ

«Социальнэ пенсэм хущІагъунур яубзыхун мурадкІэ, пенсэ щысыр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2021 гъэм зэрыщыхъун хуейр гъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэщтэн «Социальнэ пенсэм хущІагъунур яубзыхун мурадкІэ, пенсэ щысыр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2021 гъэм зэрыщыхъун хуейр гъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законыр.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм фокІадэм и 10-м
№177-П-П

Социальнэ пенсэм хущІагъунур яубзыхун мурадкІэ, пенсэ щысыр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2021 гъэм зэрыщыхъун хуейр гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2020 гъэм фокІадэм и 10-м къащтащ

1 статья. Пенсэм щысыр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеину 2021 гъэм ягъэувар

«Къэрал социальнэ дзэпыкъныгъэм и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым зэрыщыбзыхуам ипкъ иткІэ, социальнэ пенсэм хущІагъунур яубзыхун мурадкІэ, пенсэ щысыр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2021 гъэм 9679-рэ хъууэ щыгъэувын.

2 статья. Мы Законым къару щигъуэтыр

Мы Законым къару егъуэт 2021 гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм фокІадэм и 14-м
№26-РЗ

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

ПщІэ зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэхэ!

2020 гъэм фокІадэм и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2021 гъэм и я1пэ илъэс ныкъуэм щІыхуэхэм я1эрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.

НЭХЪ фыдзэыхьэх, фІыуэ фІъагъу къыдэкІыгъуэхэм Іэ щытеВдзэ хъунущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska. pochta.ru. сайтым.

Іэ тедзэным феужьэрэкІыну, а Іэхур иужь дыдэ махуэхэм нэмыгъэсыну фыкъыхуодджэ.

«Адыгэ псалъэ» зыІэрихьэну хуейхэм хьыбар фыдогъащІэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кІэнпІейкІэ 76-рэщ. Ди индексыр П 5894.

КЪБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и федеральнэ управленэ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм щохьэщIэ ТIэш Светланэ.

● Дэ къытхуатх

ФIыгъуэ уасэншэхэр

2020 гъэм и гъэмахуэр куэдрэ зи гугъу ящIыжыну зыгъэпсэхугъуэ пIалъэу къыздэкIащ. Куэдым я мурадхэр къыдэпиудащ, хэти и нысашэ махуэр игъэкIуэтэн хуей хъущ, хэти и зекIуэр къыздэтригъэувыIащ, хэти и еджэн, лэжьэн гъэхуэр зэпигъэуащ.

ГъЭ КъЭС сызэрихабзэу, сэри хамэ къэралхэм сыкIуэну, ди лъэпкъэгъухэм зэкIащэ ефтевалхэм сыхэтыну, адыгэхэр щыпсэу щIыпIэ дахэхэр ззэгъэльагъуну си гугъат. АрщхьэкIэ, мурад пщIы псори кохъулIэрэ?! Зэрыхъун хуейм хуэдэу хъущ. Къэрал щIыб зекIуэр къэрал кIуэцI гъуэгукIэ зэсхэуэкIри, ди къуэш Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм себлэгъащ.

Зы напIэдэхьеиг1уэу щызэгъэкIуащ абы махуитхур, Къэхъун жьлэм щыц си ныбжьагъу пщащэ Нащ1эпIыджэ Замирэ си бысымэу. Псом япэу кIыхьэгъэщыну сыхуейщ ди къуэш республикэм и къалащхьэм и дахагъыр. Удз зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ бейщ Налшык. Зэм нобэ сыт хуэдэ махуэми маззэми удз гъэгъахэмкIэ тхуэз кIыболъагъу, зэми сыхьэт бжьыгъэр удз зэмылIэужьыгъуэхэм кIахэщIыкIауэ уроххьэлIэ. ХьэтIохъущокъуэм и хадэ гектар 250-рэ хьэр къэлэкъум итщ, гъэщIэрэщIарэ зэлъыпхуаэ, кIыщIыпкIухьыну гурыхьу.

Псыутхэр, джэгуIэзэр, шхапIэхэр, Сосрыкъуэ удзэшы кIапсэ гуэзгур, чэщанэр, удз гъэгъахэмкIэ къегъэтIысэкIа щIыпIэ хэхаэр - абы имыт щIыпIэжьхьм. Ноби къыздэсым яухыркъым гъэщIэрэщIэн, махуэ къэс къалэдэсхэр зыщIыгуфыкIын гуэр иращIыхь. Апхуэдэу иджыблагъэ зы гъэщIэгъуэн ирагъэуващ, «Вагъуэ мывэжь» еджэу. Тонн 40 хъу мывэ абрагъуэр Iуащхьэ тIуащIэм къыдашащ. Ар зи гукъэкI, скульптор цIэрыIуэ Пащты-Хъан Алим жэз дамыгъэхэмкIэ игъэщIэрэщIащ. Жэщым уэздыгъэ щхъуэжIеплъыкIэхэр тредэзри, вагъуэбэ дахэу зэщIоблэ мывэр. Апхуэдэ тельыджэхэр зэпуплъыхьу ХьэтIохъущокъуэм и хадэм къыщIыкIухьыну зы махуэр пхурикъункъым. Уеэзшамэ, жьлей мэзым хэт тетIысхьлIэхэм зыщыбгъэпсэху мэхъу, тхьлъ ущеджэнщ зыхуэдэ щыIэкъым. Тхьлъ дэлъхьлIэхэр щIыпIэ-щIыпIэкIэ пархьам итщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я къалэмыпIэ къыщIэкIа тхьлъэхэр яхэбгъэтэнущ абы. Республикэм и усакIуэхэм я хъыбар иджыри зы щIыпIэ гъэщIагъуэм къыщыпIэнущ. Лъэс лъагъуэм тет тхьлъ дэлъхьлIэхэм уавьлрэкIмэ, усэм и «хадэ цIыкIум» укъэхуэгъ. Лъэпкъ зэныбжьагъуГъэм и джэлэсу паркым итщ фэеплъитI - Пащ Бэчмырзэрэ Мечиев Кязимрэ яйуэ. Абыхэм я усгъэхэмкIэ усэ лъагъуэм къыщIедзэ. Адыгэ, балъкъэр, урыс усакIуэхэм я IэдакъэщэкIэхэр зытет «Гъущ тхьлъ зэгъэхэр» телъыджэщ, укъэувыIэурэ укъемыджэу плъэмыкIыу.

Тхьлъ къыдэгъэкIынкIэ лъэрызехьэщ Налшык. Абы тхьлъ тедзапIэ зыбжанэ дэтщ. ТхакIуэхэм я мызакъуэу, журналистхэм зэхуахьэс тхыгъэ къыхэхахэри щIэхьщIэхыурэ къыдагъэкI. Си ныбжьэгъу НащIэпыджэ Замирэ щылажьэ Печатым и унэм сишащ ятэ махуэм, журналистхэм я Iэхъущ1апIэр зэзгъэльэгъащ. Республикэм къыщыдэкI газетхэр, журналхэр, нэгъуэщI къэрал Iэхъущ1апIэхэр щIэсщ хъыбар 12-у зэтету къыпхуэкIуэм ит унэ дахэм.

Абы сыщIыхьэзащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьамадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд. Адыгэ диаспорэм фIыуэ яхэзыщIыкI Мухьэмэд хэхэс адыгэхэм ятеухуа хъыбару, сурэту, хьэпшыпу зэхуихьэсар куэд дыдэ мэхъу. Музей псо ирикъунущ абы сигъэльэгъащ икIи и мурадщ ар къызэIуихыну. Мухьэмэд и пэжыгъэ нэхъыбэрэ зыгъэгъэлъагъуну сыт щыгъуи тхьлъ щхьэпэ куэд къыдегъэкI. «Хэхэс адыгэхэр» зи фIещIыгъэ тхьлъ щIэм нобэ къэрал 50-м иц адыгэхэм я хъыбар къыщIыуэтащ, сурэт дахэхэмкIэ гъэщIэрэщIащ. Абы щIохьэлIэ дэнэ щыпсэу адыгэри зэрыгушхуэ ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэм, хамэ щIыпIэхэм къулыкъ лъагэхэр щызыубыдахэм, артист лажьэхэм, дэзм и генералхэм, спортсменхэм, нэгъуэщIхэмэ ятеухуахэм. Щыпсэу къэралхэм пщIэ къыщыхьащIу, адыгэм и цIэр фIыкIэ ягъэIуу щыIэ ди лъэпкъэгъухэм дахэу топсэлъыхь Мухьэмэд, я гъащIэм, псоуфIэм теухуа хъыбар гъэщIэгъуэн куэд, нэгъуэщI журналистхэм я тхыгъэ зыбжанэ щызэхуэхьэсащ абы. «Хэхэс адыгэхэр» тхьлъпащIэр ЗыкIэфIыщIэм къызэрызитар си гуапэ дыдэ хъуащ, сэри абыхэм си нэIэ ятет зэрытеу зэрыщытым къыхэкIкIэ, къызэрысхуэщхьэнэуи щэч хэлъкъым.

Дызэрыт пандемие лъэхъэнэм я Iуэху зэрыдэкIыж сыщыщIэупщIэм Мухьэмэд жиIащ газет къыдэгъэкIынкIэ зэи къызэрызэтрамыгъэувыIар, журналистхэм зызэблахъуу, зэм - унэм, зэм Iуэхущ1апIэм зэрыщылажьэр.

Налшык сыщыщIыта ятэ махуэр зэрыкIуар сымыщIэу блэпъэтащ, КъыкIэлIыкIэм Къэбэрдей-Балъкъэр и щIыпIэ дахэхэр къэтплъыхьащ, зэрыгушхуэ щIыпIэхэм ди лъэр нэтхъсащ. Абджым хуэдэу укъызэрыщ Гущ ЩхъуантIэхэр, метр 50 лъагапIэм къехуэх Щэджэм псыкъелъэхэр, адыгэ псори зэ ялъагъуну зыщIэхъуэпс Iуащхьэмахуэ, а уэрижэ гъуэгуэхэм узыщIихьлIэ бгы джабэ лъагэхэр зэи уи нэгу щIэмыкIыжьыну гум кIоиэ.

Псом япэ зэгъэльагъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрмахуэт. Абы кIуэ гъуэгур республикэм и къуажэ нэхъ ин дыдэхэм ящIщ Зекиуэ пхокI. ЦIыху мин 12 щопсэу а жылэм. И кIыхьагъкIэ (километр 16 мэхъу) къабзэрэ зэлъыпхуаэ апхуэдэщ. Гъуэгу дыздытетым, къужажкхъэр къэслъэгъащ. Мывэ сын къащхьуэхэмрэ удзыфэхэмрэ сфIэгъэщIэгъуэн хъуащ. Ажэр зыхуагъэувам елъытауэ цIыхухъу, цIыхубз тращ тещIыхьащ, мазэрэ тхьэмпих хъу къэкIыгъэрэ тетщ, лIам и хъыбар адыгэбзэкIи къэрпыпбзэкIи тетхащ. Езы мывэ сынхэм цIыху тепIъ яIэщ, пкъым щхьэ хъурей пыт хуэдэу. Адыгэ тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр, ди къекIуэкIыкIар зэрысфIэхьэлэмэтым къыхэкIыу, а кхъэм ит сынхэр сымыгъэщIэгъуэн слъэкIакъым.

Ди гъэгуанэм пылощэри, Iуащхьэмахуэр дыхуокIуэ. Налшык уикIмэ, сыхьэтитI гъуэгу дэпIу аращ абы. Чегет дынэсри, кIапсэ гъуэгуитIкIэ дыдэкIуеящ, щыIуэпсым и дахагъымрэ дунейм и къабзагъымрэ зыщыдмыгъэнщIу. Метр минищрэ щэрэ зи IыагагъэгъуэгурыIуэ, дессертцэхэм, авторефератхэм папщIэ итх рецензэхэмрэ тхыгъэхэмрэ.

БакIуур зи Iэху епIыкIэрэ гупсысэ щIэщыгъуэрэ зиIэ щIэныгъэлIщ. Апхуэдэхэращ лъэпкъыр зыгъэльапIэри зыгъэдахэри.

БРАТ Хьэбас,
КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ. 1995 гъэ

* * *

«АДЫГЭ усыгъэм хэлъ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакIуэхэм я Iэхэу епIыкIэхэмрэ» БакIуум и доктор дисертацэр лъэпкъ литературэм и теорием и хэлъхьэныгъэ инщ. Абы къызэIуех Кавказым щыщу нэгъуэщI къэралхэм щыпсэуэхэм я литературэм теухуа щIэныгъэм и Iыхьэщ1э.

ГАМЗАТОВ Гаджи,
ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и академик. 1995 гъэ

Мы дунейр зэгуэр зэтеувэжрэ ди бзэмрэ ди лъэпкъымрэ иджыпсту зэрыщытым кхъэрэ нэхъ дэхуэха мыхъуу кIыззэтенэ закъуэмэ, зэман къэкIуэнущ, БакIуу Хьанджэрий хуэдэхэм я гъащIэмрэ я Iуэхущ1афэу щытхэмрэ къапщытэжрэ абы лъапIэныгъэ хэха хуащIу. Ар си фIэщ зыщIыр Хьанджэрий Iуэхуу зыпэрыувэм сэ щыдэсльагъу Iэзэгъырыщ, зэфIэкIырщ, жанагъырщ.

АБЫ и тхыгъэхэр ди лъэпкъ литературэ щIэныгъэм и дахапIэхэм ящыщщ, и статья щхьэхуэхэм ящыщ дэтхэнэри къэIэтын хуей проблемэ гуэрым теухуащ, и къэхутэныгъэшхуэ тхылъхэр Кавказым ис лъэпкъхэм я литературэм и хэлъхьэныгъэщ. Абы нэмыщIу, БакIуум и къэхутакIуэбзэр щащхъэ щIыным хуэдэу бзэ щэрыуэщ, и къэпщытэныгъэхэр гъэхуащ, гупсысэу узыхуишэжэр щхьIапIэщ.

Илъэс 55-рэ хьуауэ дызэрощIыху абыхэр сэри, зи хуэмышхуагъ. Гуэр дэслъагъуакъым. Ауэ набдзэгубдзапIьагъ, Iэкlуэлъакlуагъ, куэдым яхэмыльэ гулъытэрэ гу къабзагъэрэ ебэкIыу куэдрэ срихьэлIащ.

1964 - 1965 гъэ яджэгъуэт. Дз университетым япэ курсым деджэн щедгъэжьагъащIу, ар нытхэтIысхьжауэ щытащ, дзэ къулыкъум илъэсищкIэхэта нэужь нигъэзэжри, Занщ1эуи мыдрейхэм фIыкIэ къаехэщ хъуащ, абы щыгъуэми есым зыкъыхигъэщын щхьэкIэ лейуэ зыри имыщIэу, утыкуакIуэу япэ илъадэ зи хабззэхэм ящымыщу, арщхьэкIэ, хуэд зэрыкъуэпсыр и щэн къудеймкIэ къащIэу - мис апхуэдэт ар щищIалъгъуэм щыIуэр.

Зэман дэкIри, хуэм-хуэмурэ къызэгурыIуащ абы и зэпIэзэрытагъэр къызыхэкIыр. Хэку зауэшхуэ лъэхъэнэмрэ абы и уэрэ илъэсхэмрэ зи сабиигъуэр хиубыдахэм куэд къаехэпшынукъым гъащIэм гъэщу имыIуащIэ - мис апхуэдэт ар щищIалъгъуэм щыIуэр.

Зэман дэкIри, хуэм-хуэмурэ къызэгурыIуащ абы и зэпIэзэрытагъэр къызыхэкIыр. Хэку зауэшхуэ лъэхъэнэмрэ абы и уэрэ илъэсхэмрэ зи сабиигъуэр хиубыдахэм куэд къаехэпшынукъым гъащIэм гъэщу имыIуащIэ - мис апхуэдэт ар щищIалъгъуэм щыIуэр.

... ЕтIуанэ курсым и гъэ еджэгъуэм щыщIидзэкIым щыгъуэ, ди комендантым сыткIэ и нэсащ къыщIэсыхуами, хуит сищIат, пэш дызыщIэсынумрэ абы къызэщIэсыну сыхуейкэмрэ сэ кхъыхэсыжьыну. Зы пэшым нэрыбгитхуэ дыщIэсынути, кхьихэсщыпкIа тхум щэчи кхъытезмыкхьэжу, пасэу фIыкIэ гу зылъыстауэ щыта Хьанджэрий яхэхуащ икIи зи сыхуущIегъуэжакъым: абдежым щегъэжьауэ етхуанэ курсым дынэсыну дэ тIур дызэбгъэдэкIакъым, адрейхэм ящыщ гуэрхэр хэкIми кхъыхэнэми емылыитауэ. Еджэныр къэдуха нэужьми, хэт и Iуэхур дауэ мыхъуами, дызэфIэкIуэдакъым. Къэхъуащ, сэ ди кхуажэ сыдэсыжу, ар Москва щыщIыпаи, сэ Москва сыщIыбу, езыр Карачаевск щыщIипсоуам. Ауэ дигурэ ди псэкIэ дыщыдзэпэмыблагъэ зэи къэхъуакъым икIи ар зи фIыщIэр Хьанджэрий ныбжьэгъу игъэпэжьфу, и гур къитхъэщIыкIауэ, щIыхуэ гъэ дахэр и Iуаззэу дунейм зэрытетращ. Сэ абы дэсльэгъуа цIыхугъэм, и дуней тетыкIэ екIум я щапхъэуи, и гушыIэкIэу Iуэрыуатэм хыхьэжаxэм ящыщуи Iэджэ къэсхьыфынут, ауэ псалъэр кIыхьыщэ зэрыхьуным сыкъыжьэдекIуэ.

Кудрэ къэхъурхъым, Тхъэ лъапIэм фIы псори зым и закъуэ бгъэдилъхьэу. УрохьэлIэ Iэзаг1ыр зэбгкIыр щIыху дыджу, пагэу, щхьэхуэфIу къыщыщIэкI. Уеплъамэ, хабзи нэмыси хэлъу, ауэ Iуэху дэпщIэн хъумэ, и хуэмыхуагъыр къыщIэщу зи хущхьэ хъуам и бзууэ дунейм тети щыIэщ. Щыпсалъэм деж и самыркъо дахэм уихьэху, арщхьэкIэ езым и тэмакъым залэ щIэмыхуэуи ухуззэнущ. Ауэ мы зэм Алыхьталэм Iэзаг1ыр, гуапагъышхуэр, гушхуэныгъэр зэгъуэгу Хьанджэрий кхьихлъхьам хуэдэт. ЗэрыжаIэщи, цIыхум уаззэрыхьхьэр лъапэщ, уакхьэзэрыхьхьыжыр напэщ. Нэхъапэ гу зылъыптэ хабззэр щIыху хэтыкIэращи, Хьанджэрий япэ ущыхуэза махуэм щегъэжьауэ удечхьэх - и нэгур зыIухащ, и гуныщIэкIэр дахэщ, жьыми щIэми зэрепсэлъэн бзэ къеГуэт. УкIэлъплъыжа нэужьи ущIезыгъэгъуэжьи пщыкIутху-пщыкIух хъущащ, нобэр кхъыздэсым сэлам гуапэхэр кхъыкIэлъгъагъэхь, дзэжьаахэм хьэмэрэ ирихьэжьым щысхьыныкъым. ФIы кхъохъулIамэ, и нэгур зыIухауэ кхьипхъэгуфIэнущ, лажьэ кхъыпщыщIа - япэ ирихьэщ щымыIуэ, кхъсынурэ зыкъыпщIигъэкъуэнущ. Ди зэманым апхуэдэр зыдэплъагъур зырызыхьхэщ. Абы щыгъуэми, игу иимыхьыну гуэр ильэгъуакъэ - и жьэм хуимыпыж зэрыжаIэу, и гум ипь дыдэр кхъежьагъ-нехьэжI хэмылъу кхъыжьэдэлъэтынущ. Ар зыхуэмышэчыр жагъуэгъу хьэзыщи, езым нэр ирищIу пэжыр жиIэрэ ежьэжамэ, модрейжэм нэщIыбгакIэ псалъэ пхэнж ирахьэжьэным хуэIуа щыIэкъым.

Зыпэрыт Iэнатlэм и Iуэхукlэ жьыпIэмэ, зэрызэдзэщIэщи, щIэныгъэ Iуэхум нэкIэ нэщхьагъэр хэзагъэркъым - уэ къэблэжьар ууеижщи, абы хуэфащэращ пщIэуэ уиIэнур. БакIуум аспирантурэр кIиухауэ, адыгэ литературэм и зы пкъыгъуэ теухуауэ кандидат диссертацэр пхигъэкIауэ Хьэсэщ1эй-Шэрджэс пединститутым щригъэджэну щыпэрыувэм, кафедрэм и аксиententу иригъэжьащ. Мы щIалэм теплъхьэр и хьэлъащ, жаIэу гу щыльатэм, абы урыс литературэ курси и пщэ къыдалъхьащ, нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэмрэ Iуэрыпуатэмрэ ятеухуа темэхэр къыхэтракъащ, европей лъэпкъхэм я литературэмэ щыхагъэIэбэ къэхъащ. Сыткlэ ямыгъэзэнхуами, Хьанджэрий и щIэныгъэм псытепхъэ иIэу къыщIагъэщыфакъым.

Абы и щIыхьэтщ, зэгуэрым БакIуур хамэ къэрал литературэр егъэджэныкIэ зэпеуэ хэтауэ зэрыщытам и хъыбарыр. Конкурсыр езыгъэкIуэкIыр Союзэпсо министерствэрат, щекIуэкIыр Ульяновск къалэрт, къэралыщхьэм и еджапIэ Iэджэми къыкIахэр абы щыпэкIурт. Мис абы адыгэ щIэныгъэлIым франджы ткакIуэ телъыджэ Антуан де Сент-Экзюпери теухуауэ щища доклад-лекцэм япэ ивэну зыхуэзэфIэкIым къэхъакIакъым! А зыр ирикъунт, БакIуу-егъэджакIуэм и зэфIэкIымрэ и къэухьымрэ здыиэсщи къриплщытэну.

Ассистенту езыгъэжьар дэкIуэтейуэрэ, егъэджакIуэ нэхъыжь, доцент къалэнхэр игъэщащIэ зэхуэдэ, доктор диссертацэри пхигъэкIри, профессор цIэри фхьыфащ, кафедрэм и тхьэмадэуи зыкъомрэ щыташ, факультетыр къыIэщIалъхьэри, декану, ижькIэ институтыр университет хуэуэ абы институтхэр хэщъхьэхукIыж щыхьэм, Гуманитар институтым и директору лэжьащ. Ахэр жыIэгъафIэми, уэ пхуэдэ куэдым уахэщъхьэхукIыж студентхэри, аспирантхэри, профессорхэри зэбгъэдалъэу, ахэр псори зыхуей хуэфащэ ущытын щхьэкIэ куэдым ухуэIэижьу зумыгъэльагъуэу зэхуркъым.

Ар Карачаевск къалэм къыдэкIыу Налшык къэIэпхъэхуэн хуэдизыр илъэс щыкIутху-щыкIух хъущащ, нобэр кхъыздэсым сэлам гуапэхэр къыкIэлъгъагъэхь, зэрыжаIэм хьэмэрэ ирихьэжьым щысхьыныкъым. ФIы кхъохъулIамэ, и нэгур зыIухауэ кхьипхъэгуфIэнущ, лажьэ кхъыпщыщIа - япэ ирихьэщ щымыIуэ, кхъсынурэ зыкъыпщIигъэкъуэнущ. Ди зэманым апхуэдэр зыдэплъагъур зырызыхьхэщ. Абы щыгъуэми, игу иимыхьыну гуэр ильэгъуакъэ - и жьэм хуимыпыж зэрыжаIэу, и гум ипь дыдэр кхъежьагъ-нехьэжI хэмылъу кхъыжьэдэлъэтынущ. Ар зыхуэмышэчыр жагъуэгъу хьэзыщи, езым нэр ирищIу пэжыр жиIэрэ ежьэжамэ, модрейжэм нэщIыбгакIэ псалъэ пхэнж ирахьэжьэным хуэIуа щыIэкъым.

Зыпэрыт Iэнатlэм и Iуэхукlэ жьыпIэмэ, зэрызэдзэщIэщи, щIэныгъэ Iуэхум нэкIэ нэщхьагъэр хэзагъэркъым - уэ къэблэжьар ууеижщи, абы хуэфащэращ пщIэуэ уиIэнур. БакIуум аспирантурэр кIиухауэ, адыгэ литературэм и зы пкъыгъуэ теухуауэ кандидат диссертацэр пхигъэкIауэ Хьэсэщ1эй-Шэрджэс пединститутым щригъэджэну щыпэрыувэм, кафедрэм и аксиententу иригъэжьащ. Мы щIалэм теплъхьэр и хьэлъащ, жаIэу гу щыльатэм, абы урыс литературэ курси и пщэ къыдалъхьащ, нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэмрэ Iуэрыпуатэмрэ ятеухуа темэхэр къыхэтракъащ, европей лъэпкъхэм я литературэмэ щыхагъэIэбэ къэхъащ. Сыткlэ ямыгъэзэнхуами, Хьанджэрий и щIэныгъэм псытепхъэ иIэу къыщIагъэщыфакъым.

Абы и щIыхьэтщ, зэгуэрым БакIуур хамэ къэрал литературэр егъэджэныкIэ зэпеуэ хэтауэ зэрыщытам и хъыбарыр. Конкурсыр езыгъэкIуэкIыр Союзэпсо министерствэрат, щекIуэкIыр Ульяновск къалэрт, къэралыщхьэм и еджапIэ Iэджэми къыкIахэр абы щыпэкIурт. Мис абы адыгэ щIэныгъэлIым франджы ткакIуэ телъыджэ Антуан де Сент-Экзюпери теухуауэ щища доклад-лекцэм япэ ивэну зыхуэзэфIэкIым къэхъакIакъым! А зыр ирикъунт, БакIуу-егъэджакIуэм и зэзэгрыкIыжахэщ. Лэжьэн хуэйм щыиэсым, етIуанэ джэгуIуэм зыгуэр зыпIэкIыну згъэзытыжар зы-тIу къудейщ. Ди тIасхьапIэхэм ящыщт къэбэрдей-шэрджэс литературэр зыуэ гъэлъэгуэн зэрыхуейр. Ауэ шэрджэс лъэныкъуэр ди институтым деджIэ гъунэ имыльэххауэ щIыщIэт. Мис а проблемэм и зэфIэхьыкIэ хъунум ди щхьэр щикъутэ зэманым Хьанджэрий Налшык къэIэпхъащ, мыдэкIэ ТIымыжь Хьэмыщ1 хъыткъыхьэжщ аби, дэплъыпIэ гуэрхэр щыдгъэзытыжар абы иужькIэщ. Абы щыгъуэ БакIуум, Шэрджэсым техуауэ тхылъым ихуапхъэхэр и пщэ дилъхьэжри, япэ махуэм щегъэжьауэ мы Iэнатlэм пэрыгахэм ящIам хуэдиз лэжьыгъэ кърихьэлIащ. Апхуэдэр зыхуэзэфIэкIым и пщIэр уасэ зимыIэ жьыхуэIэм хуэдэщ.

Кьинэмыщ1у, Хьанджэрий ди институтым зэрыщылэжьа илъэсхэм кхъурыбудэу къэхутэныгъэ статьяуэ пщIы бжьыгъэхэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ, монографиеу щы итхащ. Апхуэдиз и гъащIэ псом ищIэну зыхуэзэфIэмыкIа Iэджи щыIэжащ, гъэнэрыуэгу зэрыгъэ я дунейр яхьу, псэльэгъуэм деж загъэльагъэрэ загъэзадэу.

ИтIанэ, абы тхылъ итхынум и темэр къыщыхихым деж мыуэцхъужу нэхъ игъэуэ дыдэхэр ящхьелъагъуKIри, япэ иргъэщыфр. Апхуэдэу абы зы монографие тритхьыхащ усакIуэ, драматург, къэхутакIуэ Iэзэу щыта Iутlыж Борис. Ар темэу къыщыхилъхьам щыгъуэ, нэхъыбэм къагурыIуэртэкъым, адрейхэм яхуэдэ зыуэ къалъытэ тхакIуэ гуэрым монографие къэхутэныгъэ зэрыльыбгъэсынур. Ауэ, зэман дэкIри, IутIыжьыр лъэпкъ литературэмрэ драматургиемрэ я классикыу зэрыщытыр псоми къалъагъужащ. Абыкlэ япэ лъэбакъэхэм ящыщ зы хъуащ игъуэ дыдэу дунейм къытехьа къэхутэныгъэу БакIуу Хьанджэрий и Iэдакъэщ1экIыр. КъыкIэлъыкIуэ тхылъым щыIэпкърыхащ иджыпрей адыгэ литературэр нобэ зыIууэу гугъуехьхэм ящыщ зыбжанэ. Абы щыIуэ, лъэпкъыр дызэрыгушхуэ тхакIуэ цIэрыIуэ Мэшбащ1э Исхьэкъ и тхыгъэхэр анализ ищIу, ари зы тхылъ щыпкъэ хъуащ. А тхылъыщ1ри лъэпкъ литературэ щIэныгъэм и Iэнатlэр зыхуэфащэ лэжьыгъэхэщ.

Мы тхыгъэм кьеджэм жиIэнкIэ мэхъу: «Уа, мы БакIуу Хьанджэрий жьыхуаIэр цIыху кхъыззрыгукI, хьэмэрэ бегъымбар?» - игъэщIагъэу. Бегъымбаркъым. Абыи зы лажьэ гуэрхэр иIащ, сэ схуэдэу, дэтхэнэмэ хуэдэу, хабгъэзэжьащ, мы тхыгъэм кьеджэ дыдэми хуэдэу. Ар дэ дызытет дуней дыдэм щопсэу, дыщыдзекIуэ уэрам дыдэхэм щызоклуэ, махуэ къэс дызэуалIэ гуэрыгъуэхэм абы и щхьэри егъэуэ, зытемыувапхъэ щыIуэ ди къэхъунщ, жимыIапхъэ гуэр кхьжьэдэлъэтынкIи хъунщ. Ауэ абы зы Iэнатlэ ирехьэкI, сэри си гуащIэ къыздэмыхуэну, уэри пхуэзфIэмыкIыну, абы щыгъуэми, лъэпкъыр лъэпкъыу щытынымэ щхьэкIэ уимыIэу мыхъуну, ди къэралышхуэм ис адрей лъэпкъхэм я хъугъуэфIыгъуэхэр дунейпсо щэнхабзэм и сантIыкIыкIэ щаралъхьэкIэ, дызэримыкуКIэтэн хэлъхьэныгъэ тхуэхъуну. Апхуэдэу щыхьэкIэ, ар дэ тхуэдэ къэзэрыгуэкI дыдэхэми яхэшыпсыхьынукъым.

Сэ сыхущIегъуэжьыркъым мы зэ закъуэм фIэкIа кхъытлъымысыну дуней гъащIэм и пэщощхьэпсоэм сыхэту Хьанджэрий хуэдэ щIыху сызэрыщIэам. Абы хуэдэхэр зэи куэд зэрыщыхьуэ гурыIуэгъуэу, ахэр нэхъыбэху, ди дунейри нэхъ дахэ хъуу къысфощI. Дауэ щымытми, нобэр кхъыздэсым дызэрыужэгъуакъым. Абы и тхыгъэхэм ящыщ куэдыр мыжьых мафIэкIэ псыхьащи, езыми дунейм ехьэжащ Тхьэм кIыхь ищI.

ГъУТ Iэдэм.

● ЩIэныгъэлIым и псалъэ

Ныбжьэгъужь

Къандур Иэзт и цIэр зезыхьэ саугъэтыр къыщрата махуэм. *Сурэтым:* **БакIуу Хьанджэрий, Нэхущ Чэрим, Къандур Мухьэдин, Къуийкъуэ Налбий**. *1997гъэ*

80

ЕтIуанэ курсым и гъэ еджэгъуэм щыщIидзэкIым щыгъуэ, ди комендантым сыткIэ и нэсащ къыщIэсыхуами, хуит сищIат, пэш дызыщIэсынумрэ абы къызэщIэсыну сыхуейкэмрэ сэ къыхэсхьыжыну. Зы пэшым нэрыбгитхуэ дыщIэсынути, кхьихэсщыпкIа тхум щэчи кхъытезмыкхьэжу, пасэу фIыкIэ гу зылъыстауэ щыта Хьанджэрий яхэхуащ икIи зи сыхуущIегъуэжакъым: абдежым щегъэжьауэ етхуанэ курсым дынэсыну дэ тIур дызэбгъэдэкIакъым, адрейхэм ящыщ гуэрхэр хэкIми кхъыхэнэми емылыитауэ. Еджэныр къэдуха нэужьми, хэт и Iуэхур дауэ мыхъуами, дызэфIэкIуэдакъым. Къэхъуащ, сэ ди кхуажэ сыдэсыжу, ар Москва щыщIыпаи, сэ Москва сыщIыбу, езыр Карачаевск щыщIипсоуам. Ауэ дигурэ ди псэкIэ дыщыдзэпэмыблагъэ зи къэхъуакъым икIи ар зи фIыщIэр Хьанджэрий ныбжьэгъу игъэпэжьфу, и гур къитхъэщIыкIауэ, щIыхуэ гъэ дахэр и Iуаззэу дунейм зэрытетращ. Сэ абы дэсльэгъуа цIыхугъэм, и дуней тетыкIэ екIум я щапхъэуи, и гушыIэкIэу Iуэрыуатэм хыхьэжахэм ящыщуи Iэджэ къэсхьыфынут, ауэ псалъэр кIыхьыщэ зэрыхьуным сыкъыжьэдекIуэ.

Кудрэ къэхъурхъым, Тхъэ лъапIэм фIы псори зым и закъуэ бгъэдилъхьэу. УрохьэлIэ Iэзаг1ыр зэбгкIыр щIыху дыджу, пагэу, щхьэхуэфIу къыщIыщIэкI. Уеплъамэ, хабзи нэмыси хэлъу, ауэ Iуэху дэпщIэн хъумэ, и хуэмыхуагъыр къыщIэщу зи хущхьэ хъуам и бзууэ дунейм тети щыIэщ. Щыпсалъэм деж и самыркъо дахэм уихьэху, арщхьэкIэ езым и тэмакъым залэ щIэмыхуэуи ухуззэнущ. Ауэ мы зэм Алыхьталэм Iэзаг1ыр, гуапагъышхуэр, гушхуэныгъэр зэгъуэгу Хьанджэрий кхьихлъхьам хуэдэт. ЗэрыжаIэщи, цIыхум уаззэрыхьхьэр лъапэщ, уакхьэзэрыхьхьыжыр напэщ. Нэхъапэ гу зылъыптэ хабззэр щIыху хэтыкIэращи, Хьанджэрий япэ ущыхуэза махуэм щегъэжьауэ удечхьэх - и нэгур зыIухащ, и гуныщIэкIэр дахэщ, жьыми щIэми зэрепсэлъэн бзэ къеГуэт. УкIэлъплъыжа нэужьи ущIезыгъэгъуэжьи пщыкIутху-пщыкIух хъущащ, нобэр кхъыздэсым сэлам гуапэхэр къыкIэлъгъагъэхь, зэрыжаIэм хьэмэрэ ирихьэжьым щысхьыныкъым. ФIы кхъохъулIамэ, и нэгур зыIухауэ кхьипхъэгуфIэнущ, лажьэ кхъыпщыщIа - япэ ирихьэщ щымыIуэ, кхъсынурэ зыкъыпщIигъэкъуэнущ. Ди зэманым апхуэдэр зыдэплъагъур зырызыхьхэщ. Абы щыгъуэми, игу иимыхьыну гуэр ильэгъуакъэ - и жьэм хуимыпыж зэрыжаIэу, и гум ипь дыдэр кхъежьагъ-нехьэжI хэмылъу кхъыжьэдэлъэтынущ. Ар зыхуэмышэчыр жагъуэгъу хьэзыщи, езым нэр ирищIу пэжыр жиIэрэ ежьэжамэ, модрейжэм нэщIыбгакIэ псалъэ пхэнж ирахьэжьэным хуэIуа щыIэкъым.

Зыпэрыт Iэнатlэм и Iуэхукlэ жьыпIэмэ, зэрызэдзэщIэщи, щIэныгъэ Iуэхум нэкIэ нэщхьагъэр хэзагъэркъым - уэ къэблэжьар ууеижщи, абы хуэфащэращ пщIэуэ уиIэнур. БакIуум аспирантурэр кIиухауэ, адыгэ литературэм и зы пкъыгъуэ теухуауэ кандидат диссертацэр пхигъэкIауэ Хьэсэщ1эй-Шэрджэс пединститутым щригъэджэну щыпэрыувэм, кафедрэм и аксиententу иригъэжьащ. Мы щIалэм теплъхьэр и хьэлъащ, жаIэу гу щыльатэм, абы урыс литературэ курси и пщэ къыдалъхьащ, нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэмрэ Iуэрыпуатэмрэ ятеухуа темэхэр къыхэтракъащ, европей лъэпкъхэм я литературэмэ щыхагъэIэбэ къэхъащ. Сыткlэ ямыгъэзэнхуами, Хьанджэрий и щIэныгъэм псытепхъэ иIэу къыщIагъэщыфакъым.

Абы и щIыхьэтщ, зэгуэрым БакIуур хамэ къэрал литературэр егъэджэныкIэ зэпеуэ хэтауэ зэрыщытам и хъыбарыр. Конкурсыр езыгъэкIуэкIыр Союзэпсо министерствэрат, щекIуэкIыр Ульяновск къалэрт, къэралышхуэм и еджапIэ Iэджэми къыкIахэр абы щыпэкIурт. Мис абы адыгэ щIэныгъэлIым франджы ткакIуэ телъыджэ Антуан де Сент-Экзюпери теухуауэ щища доклад-лекцэм япэ ивэну зыхуэзэфIэкIым къэхъакIакъым! А зыр ирикъунт, БакIуу-егъэджакIуэм и зэзэгрыкIыжахэщ. Лэжьэн хуэйм щыиэсым, етIуанэ джэгуIуэм зыгуэр зыпIэкIыну згъэзытыжар зы-тIу къудейщ. Ди тIасхьапIэхэм ящыщт къэбэрдей-шэрджэс литературэр зыуэ гъэлъэгуэн зэрыхуейр. Ауэ шэрджэс лъэныкъуэр ди институтым деджIэ гъунэ имыльэххауэ щIыщIэт. Мис а проблемэм и зэфIэхьыкIэ хъунум ди щхьэр щикъутэ зэманым Хьанджэрий Налшык къэIэпхъащ, мыдэкIэ ТIымыжь Хьэмыщ1 хъыткъыхьэжщ аби, дэплъыпIэ гуэрхэр щыдгъэзытыжар абы щыгъуэ БакIуум, Шэрджэсым техуауэ тхылъым ихуапхъэхэр и пщэ дилъхьэжри, япэ махуэм щегъэжьауэ мы Iэн